



Pou Piblikasyon Imedya: 5/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 1 MILYON FANMI KI ENSKRI NAN
PWOGRAM KONEKSYON ABÒDAB FEDERAL LA**

***Pwogram federal la konekte fanmi ki gen revni ba nan New York yo ak plis pase
360 milyon dola nan sibvansyon anyèl pou elaji aksè nan wo debi abòdab***

***New York ap dirije nasyon an nan pousantaj fanmi ki elijib ki enskri apre inisyativ
sansibilizasyon ant plizyè ajans lan***

***Anonse tou nominasyon nouvo Direktè ConnectALL la pou sipèvze inisyativ nan
tout eta a pou ranfòse enfrastrikti dijital New York la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yon milyon fanmi New York ki elijib te enskri nan [Pwogram Koneksyon Abòdab](#) (Affordable Connectivity Program, ACP) federal la, yon sibvansyon nan tout peyi a pou elaji aksè pou fanmi ki gen revni ba yo. Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè a te lanse yon inisyativ sansibilizasyon plizyè ajans pou fè konnen pwogram nan epi ankouraje fanmi ki elijib yo enskri. Pwogram federal la ofri rabè jiska 30 dola pa mwa nan sèvis entènèt pou fanmi ki gen revni ba yo. Gen plis enfòmasyon sou ACP, sa gen ladan enfòmasyon sou enskripsyon, ki disponib [isit la](#).

"Pandemi an te montre nou ke, avèk tout fanmi sa yo ki konte sou entènèt pou travay, edikasyon, ak sèvis gouvènman an, Nouyòkè yo bezwen aksè nan wo debi ki abòdab ak fyab," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a Pwogram Koneksyon Abòdab federal la ak yon efò sansibilizasyon plizyè ajans nan Eta New York, n ap konekte plis kay ki elijib nan sibvansyon pou wo debi yo pase nenpòt lòt kote nan nasyon an. Administrasyon mwen an rete angaje pou elaji wo debi ki abòdab, ki gen ladan atravè inisyativ ConnectALL 1 milya dola nou an, epi ede Nouyòkè ki elijib yo enskri nan pwogram federal enpòtan sa a".

Avèk etap enpòtan sa a, New York se youn nan eta prensipal nan nasyon an pou enskripsyon ACP kote 30 pousan fanmi ki elijib yo ap pwofite avantaj federal sa a kounye a. Fanmi New York ki elijib yo ap kolekte kounye a plis pase 360 milyon dola nan sibvansyon anyèl.

Efò sansibilizasyon plizyè ajans, plizyè apwòch la ke Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) Eta New York ap mennen an kontinye ogmante

kantite moun ki enskri ki elijib yo chak jou. DPS ak ajans patnè li yo te kowòdone avèk gwoup kominotè, gwoup travay, ak asosyasyon eta yo nan tout eta a, ak inisyativ Gouvènè a [ConnectALL](#) pou ogmante enskripsyon pami Nouyòkè ki elijib yo.

Inisyativ sansibilizasyon nan wo debi a ak efò yo genyen ladan yo:

- **Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape** (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) ap kontinye mande ajans sèvis sosyal yo pou yo pataje materyèl sansibilizasyon yo avèk kliyan ak founisè sèvis ki gen kontra yo epi pibliye enfòmasyon yo sou tout rezo sosyal yo.
- **Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi** (Office of Children and Family Services, OCFC) ap kontinye mete ACP nan bilten yo, epi li ankouraje sibvansyon wo debi yo atravè rezo sosyal ak depatman sèvis sosyal lokal yo, founisè gadri ak moun ki bay lisans, fanmi dakèy ak ajans volontè, biwo milti-sèvis kominotè yo, patenarya nan tout eta a pou fanmi jèn ki enplike nan lajistis jivenil, operatè abri pou jèn ki pran lafwit ak sanzabri ak operatè abri pou vyolans domestik.
- **Depatman Veyikil a Motè** (Department of Motor Vehicles, DMV) ap kontinye yon kanpay piblisite, difize yon videyo sèvis piblik sou ekran nan biwo DMV ke eta a jere yo nan Vil New York, Long Island, ak Albany, Konte Westchester, Rockland ak Onondaga, epitou voye apeprè senk milyon pyès enfòmasyon pandan ane a lè kliyan yo resevwa lisans chofè yo.
- **Biwo Granmoun Aje** (Office of the Aging) ap fè patenarya ak DPS pou bay materyèl nan 59 biwo konte yo pou reyinyon Biwo Granmoun Aje yo, piknik, fwa sante, sant pou granmoun aje yo, sit sosyal lajounen pou adilt ak kominote retrèt ki fèt natirèlman. Epitou distribye yon anrejistreman fòmasyon bay plis pase 1,200 òganizasyon kominotè epi te kreye ak pibliye yon anons sèvis piblik, bilten elektwonik ak medya sosyal.
- **Gwoup Travay sou Ekite Dijital** (Digital Equity Working Group, DEWG) se yon gwoup travay Bibliyotèk Eta nan Depatman Edikasyon Eta New York ap dirije ki ankouraje pwojè pou ogmante enklizyon dijital nan nivo eta ak lokal.
- **Empire State Development** ap pataje enfòmasyon sou ACP atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDC) yo, Asosyasyon Konte Eta New York la, Asosyasyon Vil yo, Kowalisyon pou Ekite Dijital lokal yo ak lis founisè sèvis entènèt ConnectALL yo.

Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Piblik la, Rory M. Christian, te deklare, "Kòm yon pati nan defans nou pou pote wo debi kay tout fanmi nan New York, n ap fè yon envestisman enpòtan nan redui eka dijital la pami sitwayen nou yo ki te pèsiste depi lontan".

Komisè, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Empire State Development, Hope Knight, te deklare, "Pandemi COVID-19 la pwouve ke koneksyon entènèt ki gen gwo vitès pa yon liks ankò; li se yon nesosite. Wo debi esansyèl pou Nouyòkè yo ale lekòl, travay adistans, jwenn yon travay, kòmanse yon biznis, jwenn aksè nan swen sante, epi konekte ak pwòch yo. Amelyore abòdabilite se yon eleman enpòtan nan inisyativ

ConnectALL Gouvènè Hochul la, pou asire nou tout gen wo debi ki abòdab ak aksesib epi mete baz pou New York kontinye dirije ekonomi dijital la."

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Pandemi COVID-19 la te mete aksan sou fason eka dijital la afekte kominote ki pi vilnerab nou yo nan kominote riral ak iben yo atravè New York. Aksè nan sèvis entènèt ki abòdab ak fyab enpòtan anpil pou siksè nan ekonomi modèn jodi a, se poutèt sa mwen te goumen pou mete yon investisman istorik pou elaji aksè nan entènèt gwo vitès epi kreye Pwogram Koneksyon Abòdab federal pèmanan nan Lwa sou Enfrastrikti ak Travay Bipatit la, ki bati sou pwogram Benefis Wo Debi ke mwen te garanti nan Plan Sekou Ameriken an, pou finalman fèmen eka sa a. Kounye a, gras a envèstisman federal mwen te ede delivre yo, ak defans fèm Gouvènè Hochul, plis pase yon milyon fanmi atravè New York te resevwa sipò atravè pwogram sa a pou asire yo ka rete konekte alavni".

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Pandan nou kontinye travay ak aprann adistans, aksè nan entènèt gwo vitès pa yon liks ankò - li se yon nesesite. Mwen fyè dèske mwen te goumen pou finansman federal pou rann wo debi pi abòdab ak aksesib pou fanmi New York epi mwen ankouraje tout moun ki bezwen sèvis entènèt pou tcheke si yo elijib pou Pwogram Koneksyon Abòdab la epi aplike si yo elijib".

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Aksè nan bon jan kalite entènèt abòdab se yon nesesite - yon pwèn ki te klè anpil piske travayè yo, elèv yo ak biznis yo te konte sou koneksyon vityèl pandan tout pandemi an. Pwogram Koneksyon Abòdab la se youn nan plizyè mezi Kongrè a te enkli nan Lwa Enfrastrikti Federal Bipatit la pou ede konstwi yon rezo wo debi ki pi solid ak pi ekitab. Nou kontan wè, anba lidèchip Gouvènè Hochul, New York ap trase wout la nan konekte rezidan ki elijib yo nan pwogram sa a, diminye depans pou konsomatè yo, epi finalman konekte Nouyòkè yo nan yon mond opòtinite".

Reprezantan Yvette D. Clarke te deklare, "Nan New York ak atravè Amerik 21yèm syèk la, wo debi vin byen anrasinen epi li te dirèkteman konekte nan lavi chak jou nou. Soti nan jwenn yon edikasyon, pase nan pouswiv opòtinite travay, rive nan jis rekonekte ak pwòch nou yo, aksè nan entènèt ki estab ak abòdab se egzakteman sa ki pèmèt patisipasyon nou nan sosyete modèn nan. Epi se poutèt sa mwen plis ke rekonesan pou Pwogram Koneksyon Abòdab la. Dènye anons Gouvènè Hochul sou etap enpòtan inisyativ li a non sèlman pwouve efikasite pwogram nan, men tou enspire espwa ke plis siksè egziste nan orizon li yo. Anplis, sa fè rèv nou genyen pou yon New York konekte yon fason inivèsèl ak ekitab tounen yon posiblite k ap parèt. Mwen pa ka tann pou m travay ansanm ak Administrasyon Hochul la nan ane k ap vini yo pou fè li yon reyalyte patikilye".

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Aksè nan wo debi se yon resous enpòtan nan epòk sa a, yo itilize l chak jou pou konekte moun ak travay, salklas, sèvis swen sante epi youn ak lòt. Malerezman, baryè ekonomik ak eka ki genyen nan aksè anpeche plizyè milyon resevwa bon jan kalite sèvis. Mwen fyè de travay nou te reyalize nan nivo federal pou elaji entènèt, soti nan adopte Lwa JWENN AKSÈ NAN WO DEBI (ACCESS

BROADBAND Act) mwen an rive nan bay resous kle wo debi nan Plan Sekou Ameriken ak Lwa sou Enfrastrikti Bipatit nou an. Mwen pral kontinye travay pou asire tout Ameriken yo jwenn aksè entènèt ki fyab, abòdab".

Reprezantan Grace Meng te deklare, "Kòm moun ki te ede kreye Pwogram Koneksyon Abòdab la, mwen kontan anpil pou m aprann ke 1 milyon fanmi New York te enskri ladan li. Aksè nan wo debi, aksesibilite, ak enfòmasyon dijital dwe rezoud pou plizyè milyon Ameriken ki ap lite pou rete konekte nan 21yèm syèk la. Eka dijital la te egziste anvan pandemi an, epi li te vin pi grav nan de ane ki sot pase yo. Antanke youn nan achitèk kle Fon Koneksyon Ijans (Emergency Connectivity Fund, ECF) FCC a ki konekte plis pase 13 milyon elèv, mwen pran angajman pou m asire nou mete fen nan eka dijital la nan New York ak nan nasyon an. Nan kòmansman ane sa a, mwen te mennen Prezidan Jessica Rosenworcel pou pale sou pwoblèm sa a ak elèv nan distri mwen an epi adrese fason nou ka konble eka dijital la. Li bèl pou m wè fanmi atravè eta a ap kòmanse sèvi ak Pwogram Koneksyon Abòdab la, epi mwen espere kontinye goumen pou kòz sa a epi bay plis asistans pou fanmi ki nan bezwen yo".

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Aksè nan entènèt se pa yon liks ankò—se yon nesosite obligatwa pou patisipe nan sosyete modèn lan, espesyalman apre pandemi an. Mwen fyè dèske mwen te ede bay finansman federal pou Pwogram Koneksyon Abòdab la epi mwen ankouraje tout moun ki elijib pou yo pwofite avantaj sa a. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li fè sa tounen yon priyorite, epi mwen espere travay ansanm pou konble eka dijital la epi asire ke entènèt la abòdab epi aksesib pou tout Nouyòkè yo".

Reprezantan Jamaal Bowman te deklare, "Nou te gen yon pwoblèm depi lontan kote aksè nan sèvis debaz nesèsè yo ke bezwen yo ki vreman depase yo, epi sa gen ladan bon jan kalite, aksè nan wo debi abòdab. Pwogrè Gouvènè Hochul fè pou elaji sansibilizasyon epi asire plis Nouyòkè benefisye Pwogram Koneksyon Abòdab la se yon bagay ki enpòtan. Nan epòk sa a, aksè nan wo debi se yon bagay esansyèl pou travay, lekòl, telesante, ak peye bòdwo oswa aplike pou èd ak resous. Eka dijital la dominan nan kominote ak kay yo toupatou nan New York epi pwogram sa a ap ede nou pi byen konble eka sa a, men travay nou an pa fini jiskaske tout moun gen aksè nan wo debi kalite siperyè, ki se yon sèvis piblik 21yèm syèk la. Nan premye ane mwen nan Kongrè a, mwen te prezante Lwa sou Jistis Wo Debi a pou sipòte travay pase kab nan bilding yo, asistans, ak lòt sipò pou rezidan ki nesèsè pou enstale ak itilize wo debi bon kalite. Mwen fyè pou m sipòte inisyativ sa a epi mwen pral kontinye travay pou rann wo debi ak teknoloji aksesib toutbon pou tout Nouyòkè ak kominote yo atravè peyi a".

Reprezantan Ritchie Torres, te deklare, "Aksè nan entènèt pa yon liks ankò, men se yon nesosite pou tout moun. San aksè nan entènèt ki fyab, pa gen aksè nan aprantisaj adistans, sèvis bankè sou entènèt, telesante ak plis ankò. Konekte kominote ki gen revni ba yo ak wo debi pral ede konble eka dijital ki te kite anpil moun dèyè. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak pwogram federal tankou sa yo ki bay plis pase 1 milyon fanmi koneksyon abòdab nan sèvis esansyèl yo".

Reprezantan Pat Ryan te deklare, "Li klèman pa akseptab ke an 2022, chak Nouyòkè pa gen aksè nan wo debi ki abòdab ak aksesib. Patenarya sa a ant Eta New York ak gouvènman federal la ede elimine baryè sa yo lè li diminye pri sèvis entènèt pou fanmi ki gen revni ba yo. Mwen fyè dèske nou deja enskri 1 milyon fanmi nan pwogram sa a, epi mwen espere kontinye travay ak patnè nou yo nan nivo eta a pou asire tout Nouyòkè ki elijib yo ap patisipe".

Gouvènè Hochul te anonse tou nominasyon Joshua Breitbart kòm nouvo Direktè Biwo ConnectALL, ki sitiye nan Empire State Development. Kòm Direktè ConnectALL, Joshua pral sipèvize investisman transfòmateur 1 milya dola pou ranfòse kominote New York yo ak enfrastrikti dijital Gouvènè Hochul te anonse nan mwa janvye a nan kad diskou li sou Sitiyasyon Eta a.

Joshua Breitbart se Vis Prezidan Prensipal, ConnectALL, nan Empire State Development. Nan wòl sa a, li sèvi kòm Direktè Divizyon Aksè nan Wo Debi nan Empire State Development, li sipèvize plan ekite dijital nan tout eta a epi li administre plis pase 1 milya dola nan investisman piblik atravè eta a. Joshua Breitbart se yon ansyen Direktè Teknoloji Adjwen nan Vil New York. Li te dirije devlopman premye estrateji wo debi global vil la, ki te teste avèk siksè pandan pandemi COVID la epi li te garanti yon angajman majistra plis pase 150 milyon dola, pi gwo alokasyon minisipal pou enfrastrikti wo debi nan nenpòt vil Etazini.

Direktè Divizyon Aksè nan Wo Debi a Empire State Development Ian, Joshua Breitbart, te deklare, "Se yon onè pou nou sèvi Nouyòkè yo nan moman kritik sa a nan finansman ak deplwaman wo debi ekite. Sansibilizasyon kontinyèl anvan abone Pwogram Koneksyon Abòdab nou an se yon bèl egzanp sou fason yon patenarya pami pwogram federal yo, ajans eta yo, endistri prive a, ak patnè lokal yo ka travay ansanm pou transfòme enfrastrikti dijital atravè eta a nan ane k ap vini yo".

Inisyativ ConnectAll la vize asire wo debi ki aksesib, abòdab ak fyab pou tout Nouyòkè yo epi New York pral dirije ekonomi konekte 21yèm syèk la. Anplis agrandisman nan aksè ak rediksyon depans pou konsomatè yo atravè investisman kapital, Inisyativ ConnectALL pyonye Gouvènè Hochul la vize asire ke chak Nouyòkè ki elijib pou patisipe nan [Pwogram Koneksyon Abòdab](#) la epi ekipe ak enfòmasyon ak sipò ki nesèsè pou yo enskri.

Wo debi koute Nouyòkè yo plis pase 60 pa mwa an mwayèn. Yon rapò ki soti nan Depatman Sèvis Piblik la te montre ke konte ki gen pi ba revni nan kay la gen tandans fè fas a pri ki pi wo pou sèvis yo epi yo gen mwens opsyon. Anplis asistans 30 dola pa mwa, fanmi ki elijib finansyèman yo kapab resevwa tou yon rabè yon sèl fwa jiska 100 dola pou achte yon laptòp, yon òdinatè, oswa yon tablèt nan men founisè k ap patisipe yo si konsomatè a kontribye plis pase 10 dola ak mwens pase 50 dola pou pri dacha a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418